ЯЛСАМАНЕ ВАХА ЙИШ Ю ХЬАН

Іийсас элира цуьнга: Со ву некъ а, бакъдерг а, дахар а. Цхьа а стаг Да волчу вогІур вац, Соьгахула бен. Яхьъян 14:6

Вай дуьззина кхета дезаш диъ бакъдерг ду:
1. Далла дукха веза хьо.
Цунна лаьа хьуна Шеца стиглахь даима дахар хилийта.
ХIунда аьлча Далла дуьне дукха дезаш хиларна, Цо Шен цхьаъ бен воцу КIант дIавелла, Цунах тешаш верг хIаллакь ца хилийта, хедар доцу дахар хилийтархьама. Иоанна 3:16
Цунна лаьа хьо Шеца алссам а, маьIне а дахар хилийта.
Къу лачкъо а, вен а, хIаллакдан а бен ца вогIу. Со веана ву царна дахар хилийтархьама а, иза кхин а алсам хилийтархьама а. Иоанна 10:10

Иза иштта делахь а, дуккха а нахана маьIне дахар ца лов, шайгахь абаденналц дахар хир дуйла тешна а бац, хIунда аьлча...
2. Адам шен Iаламца къинош долуш ду. Цундела Делах къаьстина ву иза.
Массо а къа латийна.
ХIунда аьлча массара а къинош летийна, Делан сийлалле кхачамбацарш а ду. Римлянам 3:23
ХIунда аьлча ахча дезар массо а вон орам бу...
1 Тимофею 6:10
Къинан ял Iожалла ю.
ХIунда аьлча къинан ял Iожалла ю... Римлянам 6:23

Библи тIехь билгалдаьккхина ши тайпа Iожалла:
• ДегIан Iожалла .
Адамашна цкъа вала дезаш ду, цул тIаьхьа кхел йийр ю: Евреям 9:27
• Духовни Iожалла я жоьжахатехь Делах абаденналц дIакъастар .
Амма кхерабеллачарна а, цатешначунна а, дегазачунна а, адам дайарна а, сийсаза лелачунна а, бозбунчалла лелочарна а, цIушна Iибадат дарна а, массо а аьшпаш буттуьйчерна а шайн дакъа хир ду цIеран а, кIуркIаманан а богучу Iам чохь. Откровение 21:8

Адам шен къа бахьанехь Делах къаьстина делахь, оцу проблеман дерзор хIун ду? Вайна дукха хьолахь хета, цунах дерг къасторан некъаш ду: дин, дика гIуллакхаш, дика гIиллакх. Амма Делера цхьа некъ бен бац.
3. Iийса-пайхамар цхьаъ бен воцу некъ стигала боьду.
Иза Делан дIахьедар ду.
Iийсас элира цуьнга: «Со ву некъ а, бакъдерг а, дахар а». Соьгахула воцуш цхьа а стаг шен да волчу вогIур вац.
Иоанна 14:6

Вайн къиношна дуьззина таIзар дIаделла Цо.
ХIунда аьлча Дала леррина Къобалвинчо цкъа къинош лайна, нийса воцучарна дуьхьа, вай Далла тIедерзорхьама, дегIаца вийна, амма Сино денвина: 1 Кипас 3:18
Цуьнан цIийца вай паргIатдаьхна а, вайн къиношна гечдина а ду. Эфесянам 1:7
Даима долчу дахаран дош ду Цунна.
КIантах тешаш волчунна хедар доцу дахар хир ду, ткъа КIантах ца тешачунна дахар гур дац. Делан оьгIазло цунна тIехь лаьтташ ю. Иоанна 3:36
ХIунда аьлча къинан ял Iожалла ю. Ткъа вайн Веза Эла волчу Дала леррина къобалвинчу Iийсагахула хедар доцу дахар ду Дала луш долу совгIат. Римлянам 6:23

4. Вай кIелхьардовлархьама, Дала леррина къобалвинчу Iийсах теша деза.
Дала леррина къобалвинчу Iийсах тешар бахьана долуш вай кIелхьардохуш ду.
ХIунда аьлча Делан къинхетамца кIелхьардаьхна шу, тешарца. Иза шуьгара дац, амма цхьаммо а дозалла ца дайтархьама, Делан совгIат ду иза. Эфесянам 2:8—9
ХIунда аьлча Везачу Элан цIе кхойкхуш верг кIелхьарвоккхур ву. Римлянам 10:13

Къинош летийначун доIа
Иманца хIара доIа де.
Веза Эла Iийса, доккха баркалла хьуна, со везарна. Ас мукIарло до, со къинош летийна хиларна, ас хьоьга гечдар доьху. Баркалла хьуна, хьо жIарах валарна а, дIавоьллина хиларна а, сан дерриге къинош дIадала денварна а. Со Хьох тешна ву, сан Веза Эла а, КIелхьардохург а хиларх. Ас тIеоьцу хьан совгIат абаденналц дахар, ас сайн дахар Хьуна дIало. ГIо дехьа суна Хьайн дерриге а весеташ кхочушдан а, Хьо реза хилийта а. Амин.

Нагахь санна хьо Дала леррина къобалвинчу Iийсах тешна хиллехь, хьуна хIара хилла:
• ХIинца, хьан Делаца абаденналц дахар ду.
Ткъа Со Ваийтинчун лаам бу: Цуьнан КIант гина а, Цунах тешаш волчунна а хедар доцу дахар хилийтар. Иоанна 6:40
• Хьан дерриге а къинош дIаделла, гечдина.
(яханчу, таханлерчу, хиндолчу)
Ткъа Iийсас гуттаренна а къиношна тIера цхьа сагIа даьккхинчул тIаьхьа, Делан аьтту агIор охьахиира. Евреям 10:12
• Хьо Далла гергахь керла кхоллам бу. Иза хьан керлачу дахаран юьхь ю.
Нагахь санна Дала леррина къобалвинчух цхьаъ велахь, иза керла кхоьллинарг ву. Хьажал, массо а хIума керла хилла дIахIоьттина. 2 Коринфянам 5:17
• Хьо Делан бала хилла.
Амма Иза тIеэцначарна, Цуьнан цIарах тешаш болчарна, Делан кIентий хила бакъо елира Цо: Иоанна 1:12

Дика гIуллакхаш вайна кIелхьардовларан некъ бац, амма вай кIелхьардовларан тоьшалла я стом бу.
ХIунда аьлча вай Дала леррина къобалвинчу Iийсаца цхьаьна кхоьллина ду, Дала дика гIуллакхаш кхочушдан кечдина долу. Эфесянам 2:10
Дала декъал войла хьо!